

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Jaman kiwari geus loba masarakat nu teu ngabiasakeun deui mangdongéngkeun budak saacan saré. Loba budak jaman kiwari nu leuwih resep nyoo ponsél, boh nongton *Youtube*, *Tiktok* boh *Instagram*, kitu deui sababaraha kolot, resep nyoo sosial média tinimbang nyarita jeung budakna.

Indonésia miboga rinéka karya sastra boh lisan boh tulisan, salasihijina dongéng. Nurutkeun Rukiyah (2018, kc. 105) dongéng nyaéta carita prosa rahayat anu miboga hal-hal nu pamohalan, dongéng dicaritakeun pikeun hiburan, teu saeutik ogé dongéng anu ngandung ajén moral atawa sindiran.

Sabab kitu, dongéng loba rupana nyaéta (1) dongéng sato (*fable*), (2) dongéng sasakala, (3) dongéng babad (*sage*), (4) dongéng kahirupan sapopoé (*parabel*), (5) carita para nabi, jeung réa-réa deui. Sakabéh dongéng pasti miboga sasaran jeung bédana. Timimiti béda basana, eusi caritana, kahirupan sosialna, budayana jeung ajén moral anu nyangkaruk dijeron. Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara téh miboga téma anu sarua ngeunaan budak yatim piatu nu usaha bisa ngahontal kabagjaan hirup, silih asah, silih asih, tutulung kanu butuh tatalang kanu susah.

Nurutkeun Kuswari (2020, kc. 9) Atikan nya éta tarékah nu dilakukeun pikeun bisa jadi manusa nu perceka.. Dengan demikian karena alasan tersebut dongéng ada dalam pembelajaran di kelas VII tingkat SMP semester 2. Dongéng téh penting pisan, ku kituna aya dina pangajaran, sabab geus réana téhnologi anu teu saeutik ngabalukarkeun karakter budak jadi kurang hadé, saperti leungitna sifat hormat ka kolot, leuwih resep maké basa kasar, jeung paripolahna jauh tina tata titi duduga peryoga. Matéri pangajaran maca dongéng aya di kelas VII (tingkat SMP) seméster 2. Éta matéri téh nyuméndér kana Kompetensi Dasar 3.5 nu eusina pikeun ngaidéntifikasi struktur, nengetan fungsi sosial, nengetan unsur kabasaan nu bener, luyu kana konteksna jeung ajén-ajén kahirupan nu aya dina éta dongéng. Hal éta bisa nunjukeun yén siswa SMP téh diajar mikawanoh karya sastra dongéng. Ku kitu na salasihiji cara

Delpia Sinta Rahayu, 2022

**DONGÉNG GEBER-GEBER HIHID AING KARYA WAHYU WIBISANA JEUNG DONGÉNG BUDAK PAHATU LALIS KARYA KI UMBARA PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun ngawanohkeun siswa SMP kana dongéng téh ku aya na bahan ajar maca. Maca téh mangrupa kamahéran nu kawilang utama. Ku aya na bahan ajar ieu, siswa dipiharep ngahontal kamekaran pangajaran maca di sakola. Nurutkeun Farid. Spk. (2019, kc. 172) téhnik ajar mangrupa hiji cara anu digunakeun ku guru pikeun ngaimpléméntasikeun hiji métode nu leuwih jelas. Salasahijina nerapkeun bahan ajar maca.

Jaman ayeuna loba média anu bisa diakses ku masarakat boh televisi, majalah, radio boh dina internét. Éta salasahijina anu jadi sabab leungitna budaya ngadongéng di masarakat. Dongéng penting pisan pikeun ngawangun karakter anu hadé, ngadeukeutkeun budak jeung kolotna sabab ngadongéng mah média interaksi pikeun panyatur jeung pangregep (dua arah). Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* nyaéta dongéng karya Wahyu Wibisana nu medalna taun 2010. Ieu dongéng téh geus loba dijieun kana sababaraha wangun karya sastra, ti mimiti dongéng, kawih jeung naskah drama, salian ti éta, Wahyu Wibisana kapilih jadi panulis buku basa Sunda nu produktif jeung sok méré ajén-ajén budaya Sunda dina unggal karyana. Wahyu Wibisana meunang panghargaan *Anugerah Rumawat Padjadjaran* di widang kabudayaan taun 2013.

Sedengkeun dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara miboga kaonjoyan carita anu basajan, gampang diinget ku masarakat, jeung deui geus kakoncara dongéngna kamana-mana. Ki Umbara miboga ngaran asli H. Wiredja Ranusulaksana, Anjeunna mangrupa pangarang nu percéka pikeun ngagambarkeun kaayaan batin urang Sunda. Anjeunna pernah jadi redaktur majalah manglé jeung pélet taun 1963-1967. Ku sabab kitu éta dua dongéng téh miboga kaonjoyan anu perlu dibéjakeun ka balaréa, sangkan loba masarakat anu milu diajar ngeunaan sastra Sunda. Hususna dongéng, nu penting pisan pikeun nguatkeun imajinasi barudak pon kitu deui ngaraketkeun tali silaturahmi pamaca jeung pangregepna.

Pentingna ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho béda jeung saruana dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara, ngaliwatan ulikan struktural jeung sastra

bandingan. Salian ti éta ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh hususna ka barudak jaman kiwari sangkan bisa nerapkeun sifat, paripolah nu tuladeun, bisa silih ingetan dina bebeneran, ngajauhan paripolah anu matak nyilakakeun sarta reueus kana karya-karya kasusastraan hususna karya sastra dongéng. Ku kituna perlu pisan ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan judul “Dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* Karya Wahyu Wibisana jeung Dongéng *Budak Pahatu Lalis* Karya Ki Umbara pikeun Bahan Ajar Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)”.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

Sangkan leuwih jéntré masalah dina ieu panalungtikan miboga idéntifikasi kalawan anu dijéntrékeun di handap.

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- Struktur carita anu nyangkaruk dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara.
- Babandingan nu nyangkaruk dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara.
- Larapan hasil panalungtikan dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar maca di SMP.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- Kumaha struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara?
- Babandingan struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara?
- Kumaha bahan ajar babandingan struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara pikeun pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta: 1) tujuan umum, jeung 2) tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sakabéh panalungtikan miboga tujuana anu hadé. Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngeuyeuban élmu ngeunaan dongéng di tatar Sunda. Tulisan ieu ogé medar ngeunaan babandingan dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara. Larapna hasil tina ieu panalungtikan pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII, sarta ngajéntrékeun ajén-inajén nu nyangkaruk dina unggal dongéng.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun medar jeung maluruh ngeunaan:

- a. Struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara,
- b. Babandingan struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara, jeung
- c. Larapna babandingan struktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban paélman ngeunaan sastra, utamana sangkan bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan dongéng di Tatar Sunda, atikan karakter jeung sastra bandingan.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* karya Ki Umbara.

- b. Bisa jadi sumber référénsi pikeun panalungtik dina nalungtik karya sastra Sunda.
- c. Pikeun pamaca ngeuyeuban pangalaman jeung wawasan.
- d. Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu Skripsi disusun jadi 5 bab, nyaéta :

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis, nu pamungkas raraga tulis.

Bab II. Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal nu aya patalina jeung dongéng, sastra bandingan, bahan ajar maca dongéng di SMP, panalungtikan saméméhna sarta raraga tiori.

Bab III. Medar métode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta analisis data.

Bab IV. Eusina mangrupa analisis data nu patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu diadumaniskeun jeung téori. Ngeunaan struktur dongéng, babandingan struktur dongéng jeung bahan ajar maca dongéng pikeun siswa SMP.

Bab V. Eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.